турдым. Пуқара ҳәм қол астымдағыларға реҳим еттим, әскерлеримге саўғалар бердим.

Залымнан жәбирленгенниң ҳақын алдым. Залым жеткерген материаллық ҳәм физикалық зыянларды сыпатлағанымнан кейин, оны шәриятқа муўапық екеўи ортасында додаладым ҳәм бир гүнакардың орнына басқасына азап бермедим.

Маған жаманлықлар етип, басымның төбесинде қылыш көтергенлер, жумысқа көп зыян жеткергенлерди де егер олар сыйынып тәўбе етип келсе, ҳүрметлеп, жаман қылмысларын есимнен шығардым. Мәртебелерин асырдым. Олар менен қатнасықта сондай жол туттым, егер ядында маған деген қорқыў болса, улыўма умытар еди» [2:31]. Басқарыўды бундай терең ислеп шығылған түзикте әдалат пенен инсаптың барлық ўақыт ажыралмас екенлиги, халқын разы етиўи, халқын тендей көриўи, кимдур гүнакар болса кимдур гүнасыз оларды жазаласам әдалат өлшемлери менен жазаладым, егер кимдур жаманлық ислесе, оны жаманлық пенен емес жақсылык пенен қайтардым бул инсанлардың қәлбин жақсылық булағы менен суўғарылыўы, бунда мәмлекеттиң әдалат тийкарында басқарылыўы, оның халық ушын, мәмлекет ушын, улыўма инсаният ушын ең уллы пазыйлет екенин айқын көрсетип берген.

Әдалат ҳаққында муқәддес динимизде де ибратлы қатарлар келтирилген. Әдалат ҳаққында «Мухаммед Пайғамбар мынадай деген: «Әдалатлық Алланын жердеги тәрезиси, ҳәр ким әдалатлы болса, онда ол тәрези оны бейишине баслайды. Ким әдалатлықтан алысласа, онда ол дузаққа түседи» [3:102].

Халқымызда әжайып, «Әдил бий халқы ушын шабады, Залым бай қалта ушын шабады» деген нақыл бар шынында да бул терең мазмунға ийе. Әдалатлы бий болса, ол халықты ойлайды, олардың жақсы турмыс шәраяты ушын гүреседи, халқтың жасын-үлкенин, кәмбағалын ҳәм байларын бирдей көрип, теңдей катнаста болады, залым байлар болса, ол тек ғана жеке өзиниң тамағын, өзиниң байлығын көбейтиўин ойлайды.

Жәҳәнде халық көп бирақ ҳәмме ушын әдалат пазыйлети теңдей. Әдалат гүреси ушын тарийхтан белгили қаншама урыслар болған, қаншама қаҳарманлар жоқары инсаный пазыйлет әдалат ушын жанын пидә еткен. Өзбекстан Республикасының Биринши Президенти «И.А.Каримовтың айтқанындай: Халық ашаршылыққа шыдаўы мүмкин, лекин әдалатсызлыққа шыдай алмайды» [3:102] ҳақыйқатында да инсан әдалатсызлыққа шыдай алмайды, егер де әдалатсызлық жүз берсе өзимди тутып тура аламан деген адамда бундай ҳәдийсеге немқурайлылық пенен қарап турмайды. Өзиниң белгили дәрежеде мүнәсибетин билдиреди.

Сондай-ақ, «Ҳадисте: Ақыр заманда Қудайдың алдында байлаўлы қолы менен турмайтуғын ҳеш бир басқарыўшы болмайды. Оны өзиниң жеке әдалатлығы қутқарады, оның жеке әдалатсызлығы азаплайды» [3:102] деп көрсетилген.

Инсан белгили лаўазым ийеси болғаннан кейин, өзинде әдалат пазыйлетин еле де беккемлеў керек. Себеби, инсан өзи қәлеп яки қәлеместен онда менменлик яки басқалардан өзин үстин көриў гүзетиледи. Бундай ўақыялар унамсыз ақыбетлерди алып келеди.

Жуўмақлап айтқанда, жоқарыда көрсетилип өтилген басқарыў жол-жорықлары ҳәм ҳикметли сөзлерди ҳәр бир басшы қәлбине сиңдире алса, оларды күнделикли жумыс барысында әмел етсе, қол астындағыларға әдалат пенен қатнаста болса, өзиниң жәмәәтине сөзсиз унамлы тәсирин тийгизеди.

**Әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М. «Қонун устуворлиги ва инсон манфаатларини таъминлаш – юрт тараққиёти ва халк фаровонлигининг гарови». -Тошкент: «Ўзбекистон», 2017. 11-б.
2. «Темур тузуклари». 31-б.
3. Базарбаев Ж., Дәўлетова Қ. Әдептаныў. –Нөкис: «Билим», 1994. 83-б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада адолат тамойилларига асосланиб, давлат ва бошқа соҳаларни бошқарадиган раҳбарларнинг барча соҳалардаги ривожланиши ва бошқариш амалиётлари ўрганиб чиқилган. Давлат раҳбарининг қонун устуворлиги, юрт тараккиёти, халқ фаровонлиги ва инсон манфаатларини таъминлашда олиб бораётган ташаббуслари ҳақида фикрлар келтирилган. Шунингдек, "Темур тузуклари" китобидан кўплаб мисоллар келтирилиб, талкин қилинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются развитие и методы управления во всех сферах, при этом лидеры управляют государством и другими секторами на основе принципов справедливости. Представлены мнения о верховенстве закона, развитии страны, благосостоянии людей. Также в статье рассматриваются много примеров из книги «Устав Темура».

**SUMMARY**

The article examines the development and management practices in all areas, with leaders running the state and other sectors based on the principles of justice. Opinions on the rule of law, the development of the country, and the well-being of people are presented. Also, the article discusses many examples from the book "Temur's Charter".

## SHEBER PEDAGOG QANDAY BOLÍWÍ KEREK?

**N.E.Ernazarov** - *magistrant*
*Áiinivaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** professionallik daraja, intellektuallik, pedagogika, maxsus, individual, master-klass, texnologiya, mas'uliyat.
**Ключевые слова:** профессиональный уровень, интеллектуальность, педагогика, специальный, мастер-класс, технология, ответственность.
**Key words:** professional level, intelligence, pedagogy, special, individuality, master-class technology, responsibility.

Xızmet barısında hár qanday pedagogta erte me, kesh pe "Qalayınsha oqıwshılar húrmetleytuǵın, jaqsı kórip sıylaytuǵın pedagog bola alaman?» «Jaqsı nátiyjege, joqarı dárejege erisiwim ushın qanday qásiyetlerge iye bolıwım hám nelerdi ózlestiriwim kerek» degen sorawlar payda boladı. Bul sorawdıń sheshimin tabıw ustazlıq kásibin iyelewge shekem eń áhmiyetli mashqalalardıń biri.

Házirgi waqıtta elimizde hár qanday tarawda professional kadrlardı jetilistirip shıǵarıwǵa arnalǵan siyasat ustazlıq kásibin de shetlep ótken joq. Sebebi, oqıtıwshılıq kásibi zamanagóy dúnyadaǵı eń áhmiyetli kásiplerdin biri bolıp, insan hám ilim ortasındaǵı baylanıstı ornatıwshı, insaniyat civilizaciyasınıń keleshegi esaplanadı.

Oqıw procesin joqarı dárejede ámelge asırıwǵa baǵdarlana otırıp, jańa pedagogikalıq texnologiyalardı ózlestirgen mánáwiy hám ruwxiy baylıqlarǵa iye bolǵan qábiletli qánigelerdi jetilistirip shıǵarıw hám olardı tálim sistemasına qamtıp alıw bilimlendiriw sistemasınıń tiykarǵı waziypasınıń biri bolıp kelmekte.

Solay eken, biz bul maqalamızda zamanımızdıń talabına say hár tárepleme rawajlanǵan professional pedagogtıń xızmet alıp barıwıń túrlishe kózqarastan hám hárqıylı jaǵdaylarda kórip shıǵıwdı maqul kórdik.

N.A.Neudaxina «Основы педагогического

мастерства» atlı miynetinde "Pedagogtıń jetiliskenliginiń 70-80 payızı onıń professionallıq sheberligine baylanıslı" [3:106] degen pikirdi bildirgen. Pedagogikalıq sheberliklerdi bolajaq pedagog talabalıq dáwirinen baslap-aq ózinde sińdire alǵan bolıp, bilim alıwǵa umtılıwshılıq, óz ústinde nátiyjeli jumıs islew, intelektuallıq hám aldıńǵı pedagogikalıq texnologiyalardan paydalana alıw kónlikpesi de bolıwı zárúr. Álbette, bul zárúrliklerdi toltıra alǵan óz qánigeliginiń mamanın professional dep ataymız. Usı orında professional oqıtıwshı qanday bolıwı kerek degen sorawǵa tómendegishe juwap izlep kóremiz. Menińshe, jańa pedegogikalıq texnologiyalardı ózlestirip turıwshı, etika hám estetikalıq nızamlılıqlarǵa juwap beriwshi, pedagogikalıq sheberlikke iye hám de olardan unamlı paydalanıwshı oqıtıwshı degen ataqqa ılayıq. Professional pedagog ol súwretshi, artist, jazıwshı, shayır hám barlıq waqıtta izleniwde júrgen talaba. Dóretiwshilik jolında júrip talaba, oqıtıwshı hám jámiyet úlgisi sıpatında ózligin jaratatuǵın insan. Sebebi, pedagogikalıq xızmet túrlishe reńde, formada, ólshemde tańlanıwı kerek bolǵan bólimlerden ibarat mozaykaǵa uqsaydı.

«Pedagogikalıq sheberlik» túsinigi «professionalizm» hám «klavikaciya» (tájiriybe) sózleri menen sinonim bolıp oqıtıwshınıń nátiyjeli xızmetin támiyinleytuǵın ulıwma bilimi, ámeliy kónlikpeleri, shaxstıń professionalıq sıpatlarınıń quramalı birlesiw sıpatların ańlatadı. **Professionalizm degen ne ? –** bul jámiyette bar bolǵan standartlar hám obyektiv talaparǵa juwap beretuǵın professionallıq xızmettiń psixologiyalıq sistemasın ózlestirgen dáreje.

**Professional pedagogtıń xızmeti qanday bolıwı kerek? -** Óz kásibine juwapkershilik penen qarap, oqıwshılar menen doslıq múnásibet ornatıp, olardıń bilim alıwı, dóretiwshilik xızmeti menen shuǵıllanıwı ushın qızıǵıwshılıǵın oyatıp, oqıtıw procesinde erkin pikirlewge hám juwmaǵında unamlı nátiyjege eristire alıw professional pedagogtıń xızmeti esaplanadi. Bul xızmetti tolıq atqarıwshı professional pedagog bir waqıttıń ózinde eki túrli qarama-qarsı sıpatlardan paydalana alıwı kerek bolǵan shaxs, bular álpayımlıq hám qattı qollıq, usi sıpatlardı óz ornında paydalanıw hám kombinaciyalaw oqıtıwshınıń sheberligine baylanıslı. Sheber pedagog jańa maǵlıwmatlar bazasın jańalap hám tájiriybesin tez pát penen rawajlandırıp baradı. Bul ózgerisler tálim mashqalalarıń sheshiwinde jaqsı nátiyje berip, pedagogtıń háreketinde, emociyasında hám kúndelikli xızmetinde kórinedi.

Oqıtıwshınıń nátiyjeli xızmet kórsetiwi ushın tiykarǵı shárt bul – oqıtıwshınıń mehri. Waqıt hám texnologiya ózgeredi, biraq oqıtıwshılar basqalar háwes etetin, oǵan elekleytuǵın, barlıq waqıtta járdemge keliwshi, adamlardıń isenim hám úmitin tıńlawǵa, olardı ilhamlandırıwǵa tayar bolǵan shaxs bolıp kelgen. Solay etip, pedagog ol oqıwshıları jaqsı kórip, saǵınıp kútetuǵın dana, sabırlı hám miyriban insan. Bunday pazıyletlerge iye oqıtıwshıǵa hámme jerde húrmet hám minnetdarshılıq penen múrájat etiledi, oǵan járdem beredi hám qádirlenedi. Menińshe, bul oqıtıwshınıń qádir qımbatı bolsa kerek. Bunday qádirli pedagog sabaqtı durıs shólkemlestirip, oqıwshılarda sabaqlıq materialdı ózlestiriwge qızıǵıwshılıq oyatıp, olardıń erkin pikirlewi hám dóretiwshilik qábiletiniń rawajlanıwına óz úlesin qosa aladı. A.S. Makarenkonıń pikirinshe "Oqıwshılar oqıtıwshınıń qattı qollıǵın, baqırıwrın, hátteki ayıplawların da keshiredi. Biraq, bilimsizligin keshirmeydi" [2:142]. Álbette, bilimsiz oqıtıwshı, oqıwshınıń keleshegine unamsız tásir tiygizedi. Sonlıqtan, oqıtıwshıdan pánin tereń biliw hám hár tárepleme zamanagóy talap dárejesinde bolıwı shárt. Hesh waqıtta oqıtıwshı óz qánigelin bilmesten joqarıda aytıp ótken qádirli insan bola almaydı. Oqıtıwshınıń óz qánigelik pánlerin tereń biliwi, xızmet etiw barısında jetiskenlilerge erisiwi múmkin, biraq bul jeterli emes. Ol obyektiv dúnya, ondaǵı hádiyselerge, proceslerge say bolǵan óz ara tásirler hám óz tásirin kórsetiwshi baylanıslar tiykarında oqıwshılarda ilimiy túsinikler menen dúnyaǵa kózqaras payda etetuǵın bilimlerge de iye bolıwı kerek. Máselen, anıq pánleri oqıtıwshısı jámiyetlik pánlerdi, jámiyetlik pánler oqıtıwshısı anıq pánlerdi bilgenligi sıyaqlı. Ilim ǵayratkeri bolıwı menen birge tómendegi ximetlerdi de atqarıwı kerek.

**Arnawlı –** joqarı dárejedegi professional xızmetke iye bolıw hám onnan keyingi kásiplik xızmetin rawajlandırıw xızmeti.

**Jámiyetlik** – birgelikte (toparlıq, kooperativ) xızmet etiw, birge islesiwde pedagogikalıq sáwbet ornata alıw, jámiyette juwapkershilikti seziniw.

**Jeke** – óz-ózin rawajlandırıw, jekeligin kórsete alıw hám deformaciyaǵa qarsı turıw xızmeti.

**Individuallıq** – kásiplik xızmet etiw sheńberinde óz-ózin ańlaw hám individuallıǵın rawajlandırıwshı usıllardı iyelew. Kásiplik dárejesiniń ósiwine tayar turıp óz-ózin qorǵaw, óz jumısına orınsız artıqsha júk júklemey hám artıqsha waqıt sarıplamastan danalıq penen shólkemlestire alıw.

Mámleketmizde júz berip atırǵan social-ekonomikalıq ózgerisler hám bilimlendiriw mákemelerin modernizaciyalaw pedagog xızmetkerlerdiń kásiplik xızmetine jańasha qatnastı talap etip, oqıtıwshınıń kásiplik bilimlendiriw sıpatın rawajlandırıwdıń tiykarǵı faktorın qáliplestiredi. Pedagogtıń zamanagoy qatnası, arnawlı pedagogikalıq tayarlıq hám keń bilimge iye bolıwınan tısqarı, bul bilimlerdi óz oqıwshılarınıń sanasına endire alıwı da kerek. Tilekke qarsı, bul is hámmeniń de qolınan kele bermeydi. M. I. Kalinin "Basqa adamlar júdá kóp nárseni biledi. Men qánigelik pánin jaqsı biletuǵın kóp insanlardı bilemen, eger siz bunday insanlardı oqıtıwshı etip tayınlasańız, ol óz pánin jaqsı túsindirip bere almaydı. Pándi tek jaqsı biliw emes, bálki, tınlawshılar tárepinen jaqsı qabıl etiliwi ushın da bayanlanıwı kerek" [1:258]. degen pikirdi bildiredi.

Házirgi ilim hám texnologiyalardıń progressiv rawajlanıw dáwirinde oqıwshılardıń ilimiy bazasın keńeyttiriw hám olardıń bilim alıw zárúriyatın tolıq qanaatlandırıw ushın oqıtıwshıdan arnawlı pedagogikalıq tayarlıqtı talap etedi. Bul arnawlı pedagogikalıq tayarlıq formaları tómendegishe:

- Seminar;
- Master-klass;
- Qánigeligin jetilistiriw kursları;
- Aralıqtan oqıtıw tálimi hám t.b.

**Oqıtıwshınıń kásiplik xızmettegi hám jámiyettegi rolin tómendegi sxemada kórip shıǵamız:**



Sózimizdi juwmaqlastıra kelip, biz sheber pedagogtan kúshli analizatorlıq qábilet, tájiriybe, baqlaw, boljaw, óz jumısın talqılay alıw hám juwmaq shıǵarıw qásiyetleriniń bar bolıwı kerekligin úyrenip shıqtıq. Sebebi, sheber pedagog óz kásibin súygen hám óz kásibine juwapkershiligin tolıq ańlaǵan shaxs sıpatında tanıladı. Pedagogtıń hár bir jańa tabısı hám jıllar dawamında toplanǵan tájiriybesi jańa bilim deregi esaplanadı.

**Ádebiyatlar**

1. Калинин М. Речь на совещании учителей-отличников городских и сельских школ, созванном редакцией «Учительской газеты». – О воспитании и обучении. – М.: 1957.
2. Макаренко А.С. О жизни деятельности [Сост. И.М. Рудаева, И.М. Турич]. - Москва: Педагогика, 1978.
3. Неудахина Н. А. Основы педагогического мастерства. Барнаул: Изд. «АГАУ», 2009

**REZYUME**

Maqolada o'qituvchining pedagogik ko'nikmalarga bo'lgan ehtiyoji, o'quvchilar bilan pedagogik mahorat asosida muloqot qilish qobiliyati, o'qituvchining o'quvchilarga nisbatan do'stona munosabatini shakllantirish va ta'lim sifatini yaxshilash uchun sog'lom muhitni yaratish kabi masalalar ko'rib chiqiladi. Zamonaviy o'qituvchiga mos keladigan xususiyatlar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются такие вопросы, как потребность учителя в педагогических навыках, умение общаться с учащимися на основе педагогического мастерства, формирование у учителя доброжелательного отношения к учащимся и создание здоровой среды для повышения качества образования. Приводятся характеристика, соответствующие современному учителю.

**SUMMARY**

The article deals with such issues as the teacher's needs in pedagogical skills, the ability to communicate with students on the basis of pedagogical skills, the formation of a teacher's friendly attitude towards students and the creation of a healthy environment for improving the quality of education. There is presented the characteristics corresponding to the modern teacher.

## НЕМИС ТИЛИ САБАҒЫНДА ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ТЕХНОЛОГИЯЛАРДАН ПАЙДАЛАНЫЎДА АНА ТИЛИНИҢ ТӘСИРИ

**Г.Б.Есбергенова** – *ассистент оқытыўшы*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** она тили, нутқ, таълим, мазмун, психологик ва педагогик тайёргарлик, услуб.
**Ключевые слова:** родной язык, речь, обучения, содержание, психологическая и педагогическая подготовленность, метод.
**Key words:** mother tongue, speech, education, content, psychological and pedagogical training, method.

Мәмлектимиздиң тәлим системасының барлық басқышларында шет тиллерин үзликсиз үйрениўди шөлкемлестириў тийкарында кең көлемли ислер әмелге асырылмақта.

Билимлендириў тараўында әмелге асырылып атырған реформалар шет тили оқытыўшыларына үлкен жуўапкершиликти жүклемекте.

Биринши Президентимиздиң 2012-жыл 10-декабрьдеги «Шет тиллерин үйрениў системасын және де жетилистириў илажлары ҳаққында» ғы қарары оқытыўшыларға келешегимиз болған жас әўладқа шет тиллерин және де тереңирек үйретиў, бир неше шет тиллерде еркин сөйлесе алатуғын қәнигелер таярлаў ўазыйпасын қойды.

Мен мақаламда мектеп оқыўшыларына немис тилин үйретиўде қандай интенсив методлардан жақсы пайдаланыўға болады ҳәм оны сабақ барысында оқыўшыларға қалай пайдаланамыз, яғный оқыўшыларды сабаққа усы методлар арқалы қалай қызықтырамыз деген сораўға жуўап табыўға урынып көремиз.

Бүгинги куни шет тили оқытыўшысы, ең биринши өз ана тилин, оның фонетикасы, грамматикасын терең билгенде оның менен шет тилин салыстырыў арқалы оқыўшыларға үйретеди.

Оқытыўшыларға койылатуғын тийкарғы талаплардан бири алдыңғы педтехнологиялар менен танысыў ҳәм сабақ процесинде қолланып, усы арқалы балаларды еркин пикирлеўге үйретиўден ибарат.

Ең биринши ҳәр бир оқытыўшы сабағының қызықлы, оқыўшыларға аңсат усыллар менен жеткерип бериў ушын, жаңа педтехнологияларды қолланыўда төмендегилерге итибар бериўи керек:

- оқыўшыларға таза темаға байланыслы қағыйда, таза сөзлердиң мәнисин ашып бериў;
- оқыўшыларға өтилген тема менен таза теманы байланыстырып, избе-изликте үйретиў;
-оқыўшылардың пикирлеў дәрежесин раўажландырып барыў;
- сабақ барысында ҳәр қыйлы ойынлар менен таза теманы беккемлеп, сабақтың қызықлы болыўына ерисиў;
- оқыўшылардың сабаққа қатнасын күшейтип, оларды өзине тартыў;

Демек, усыларды итибарға алсақ, келешегимиз болған жасларды еркин пикирлеўши, ҳәр тәреплеме жетик қәнигелерди жетилистиремиз.

Оқыўшыларға немис тилин үйретиўде төрт көнликпени раўажландырыў керек. Буларға сөйлеў, тыңлаў, жазыў ҳәм оқыў киреди. Оқыўшыларға немис тили сабағын оқытыўдың тийкарғы мақсети тил материаллары (фонетика, лексика, грамматика) нан пайдаланып, ҳәр қыйлы темаларда сөйлеў көнликпесин раўажландырыў болып есапланады.

Бүгинги күни ҳәр бир оқытыўшы өз пәниниң мазмунынан келип шығып, сабақ процесинде ҳәр қыйлы интерактив методлардан пайдаланбақта.

Немис тилин үйрениўде диалогтан пайдаланыў белгили әҳмийетке ийе. Оқыўшыларға сөйлеў көнликпесин үйретиўде диалоглар үлкен роль ойнайды. Диалогтағы репликалар бир сөз ямаса бир неше сөз бирикпелеринен болыўы мүмкин. Диалогқа үйретиўдиң системасы ҳәм структурасы төмендегише қурылады: дәслепки басқышта әпиўайы, аңсат репликалардан пайдаланыў, кейинги басқышта оларды дүзиў, ақырғы басқышта ҳәр қыйлы тема бойынша еркин сөйлесиў көнликпелерин қәлиплестириў. Мысалы, сабақ барысында оқыўшыларды еки, үш топарға бөлип, бүгинги таза теманы беккемлеў ушын кишкене диалоглар дүздирсек, оқыўшының ядта сақлаў қәбилети артады.

Әсиресе, баслаўыш классларда шет тили сабағынан туўры, анық ҳәм нәтийжеге ерисиў ушын бүгинги күнде оқытыўшы төмендегилерге итибар бериўи керек.

Бириншиден, педагогикалық технологиялардан